

Menm avan pandemi kowonaviris la, te deja gen gwo inegalite nan domèn sante mantal nan Vil New York. Kominote moun ki pa blan yo gen plis pwoblèm kote yo bezwen sante mantal. Malgre sa, yo gen mwens chans pou yo jwenn swen. Pandemi COVID-19 la ap aggrave inegalite sa yo.

1 Rezidan New York ki pa blan yo di kriz COVID-19 la gen yon pi gwo enpak sou sante mantal yo.

- Nan yon sondaj ki te fèt nan mwa avril 2020, plis ameriken ki Panyòl (24%) ak Nwa (24%) pase ameriken Blan (17%) yo di kowonaviris te gen yon gwo enpak negatif sou sante mantal yo ([sous](#))

2 Lè yon moun viv yon zak rasis ki gen rapò ak COVID-19 sa ka kreye bezwen sante mantal.

- Nan yon sondaj mwa avril sou rezidan New York yo, 25 pousan ameriken Azyatik ki te reponn yo te sibi zak rasis, vyolans, oswa tizonnay ki gen pou wè ak kowonaviris ([sous](#))
- Nan Vil New York, gwo detrès sikolojik twa (3) fwa pi wo pami adilt ki viv zak rasis “tout tan,” “anpil,” oswa “pafwa” (15%), pa rapò ak sa yo ki viv zak rasis “yon ti kras” oswa “pa ditou” (5%) ([sous](#))

3 Travayè premyè liy nan Vil New York yo -- ki pral gen plis chans pou gen anpil depresyon, angwas, ak sendwòm estrès apre yon chòk -- se plis moun ki pa blan.

- Nan yon etid Biwo Kontwolè Vil New York la te fè pa twò lontan, yo te twouve 75% nan travayè premyè liy Vil New York yo se moun ki pa blan ([sous](#))
- Endis ki poko konfime montre travayè esansyèl yo ap viv yon nivo angwas ak desepsyon k ap monte an flèch nan travay yo parapò ak kontak yo genyen regilyèman ak viris la ([sous](#); [sous](#)). Yon ti desizyon konsènan travay la vin yon gwo risk kounye a, epi sa ka kontribye nan devlopman pwoblèm sante mantal, tankou angwas, depresyon, ak sendwòm estrès apre yon chòk ([sous](#))

4 Kominote moun ki pa blan yo pèdi plis travay, epi sa se yon bagay ki lye ak depresyon ak dezespwa.

- Selon yon sondaj sou rezidan New York yo ki te fèt ant 17 avril ak 19 avril 2020, se sèlman yon tyè (32%) rezidan New York ki Blan yo ki di yo pèdi travay yo, pa rapò ak 35% rezidan New York ki Nwa yo, 40% rezidan New York ki Azyatik yo, ak 44% rezidan New York ki Panyòl yo ([sous](#))
- Pami rezidan New York ki te di yon moun lakay yo te pèdi travay yo poutèt kriz COVID-19 la pandan semèn avan an, 82% te santi angwas, kèk nan yo prèske tout tan; 73% te santi yo tris, deprime, oswa dezespere; epi sèlman 11% te santi yo optimis pou lavni ([sous](#))

5 Kominote moun ki pa blan yo te gen plis moun ki mouri poutèt COVID-19.

- Depi 27 mas 2020, kantite rezidan New York Nwa ki te mouri poutèt COVID te 209.4 moun sou 100,000 epi 195.3 moun sou 100,000 pami rezidan New York Panyòl yo, parapò ak mwatye sa, 107.7 moun sou 100,000 pami rezidan New York Blan yo ([sous](#))
- Lanmò ki gen rapò ak sikonstans COVID yo, tankou jan bagay yo pase vit ([sous](#)), tan nan inite swen entansif (ICU) ([sous](#)), ak regrè familyal ([sous](#)) ka fè moun ki an dèy yo gen plis chans pou gen chagren ki dire lontan([sous](#)) ak/oswa ki konplike ([sous](#)), ki ka gen efè ki dire lontan sou sante mantal yo